



Nou voye yon dokiman taks enpòtan ba ou

Nou voye dokiman sa a pou ou paske oumenm oswa yon moun nan fanmi ou te antre nan pwoteksyon asirans sante ki gen èd finansye avèk NY State of Health pou tout ane 2014 la oswa yon pati ladan. Oumenm oswa yon manm fanmi ou pa t swa kalifye pou peman davans Kredi Taks Prim Asirans (Premium Tax Credit, PTC) oswa pa t pran li lè oumenm oswa yon manm fanmi ou te antre nan plan an. (PTC) se yon kredi taks ki ka ba ou èd finansye pou ede konpanse frè pou peye pou prim asirans ou. Moun ki fè deklarasyon taks sou revni yo epi ki kalifye kapab reklame PTC sou fòm deklarasyon taks federal sou revni yo. Pou detèmine si ou kalifye pou PTC ale sou sitwèb IRS nan www.irs.gov. Ou dwe ranpli Fòm 8962 IRS, Kredi Taks nan Prim Asirans, pou reklame kredi taks la. Fòm 8962 disponib sou sitwèb IRS nan www.irs.gov. Lèt sa a ba ou enfòmasyon w ap bezwen pou ranpli Fòm 8962.

Ansanm avèk lèt sa a, w ap jwenn Fòm 1095-A, Etadkont Mache Asirans Sante (Health Insurance Marketplace). W ap resevwa yon Fòm 1095-A pou chak plan oumenm oswa yon manm fanmi taks ou antre ladan pandan ane 2014. IRS defini fanmi taks nan eksplikasyon pou Fòm 8962. Nou mete tou yon tablo ki rele: Kantite Lajan Prim Asirans 2014 pa Mwa pou Dezyèm Plan Ajan ki Koute Pi Mwen Chè yo (Second Lowest Cost Silver Plans, (SLCSP). W ap bezwen li ak Fòm 1095-A pou ranpli Fòm 8962 pou reklame PTC.

LI ENPÒTAN POU OU KONNEN

...Si revni anyèl kay ou nan oswa anba 400% liy federal povrete.

Anjeneral, se sèl moun ki fè deklarasyon taks sou revni ki gen revni anyèl kay li ki nan oswa anwo 100% ak nan oswa anba 400% Liy Federal Povrete ki kapab reklame PTC. Eksplikasyon pou Fòm 8962 ap ede ou detèmine si ou satisfè kondisyon pou kalifye pou kredi sa a.

Si revni anyèl kay ou anba 100% Liy Federal Povrete, revize eksplikasyon yo pou Fòm 8962 pou detèmine si ou kapab reklame PTC.

Si revni ou pi plis pase 400% Liy Povrete Federal, ou pa kalifye pou PTC. Ou kapab pa fè aksyon pou lèt sa a epitou ou pa bezwen ranpli Fòm 8962 ansanm avèk taks ou.

LI ENPÒTAN POU OU KONNEN

...Sa Fòm 1095-A ye.

Fòm 1095-A se yon dokiman taks tankou yon W-2 oswa yon fòm nan seri 1099 ou ta ka itilize pou fè deklarasyon taks federal sou revni ou pou ane 2014. Tanpri sere fòm sa a pou dosye ou. Li bay enfòmasyon ou bezwen pou ranpli Fòm 8962.

Nou bay Fòm 1095-A sèlman pou plan sante kalifye ou achte nan Mache Asirans lan (Marketplace) nan nivo Bwonz, Ajan, Lò ak Platin. Nou pa bay Fòm 1095-A pou plan pou medikaman ki chè anpil oswa pou plan Medicaid oswa Child Health Plus paske kliyan ki nan plan sa yo pa kalifye pou PTC.

LI ENPÒTAN POU OU KONNEN **...Fason pou itilize tablo SLCSP pa mwa a.**

Tablo mansyèl SLCSP gen enfòmasyon w ap bezwen pou ranpli Fòm 8962. Premye kolòn tablo a endike lis tablo konte ki nan Eta New York. Senk (5) kolòn ki vini apre yo bay lis pri prim asirans yo pa mwa pou dezyèm plan ajan ki koute mwen chè yo (SLCSP) nan konte pou diferan kalite plan asirans sante yo. Sa rele tou pri SLCSP pa mwa ki anvigè.

Pou chwazi prim SLCSP pa mwa ki kòrèk la, ou dwe idantifye konte kote ou t ap viv la chak mwa. Si ou te demenaje nan yon konte pou ale nan yon lòt pandan ane 2014 la, ou dwe chwazi prim SLCSP pa mwa pou chak mwa ou t ap viv nan chak konte. Pou chwazi prim SLCSP pa mwa ki kòrèk la, ou dwe idantifye fanmi pwoteksyon ou pou chak mwa. Fanmi pwoteksyon ou gen ladan tout moun ki nan fanmi taks ou ki antre nan yon plan sante epi li retire nenpòt moun ki te kalifye pou lòt pwoteksyon debaz minimòm (MEC) (ki dekri annapre). Kantite moun ki nan fanmi pwoteksyon ou kapab chanje ant yon mwa ak yon lòt mwa. Avèk kèk eksepsyon, si yon manm te gen aksè nan lòt MEC, **pa** mete li nan fanmi pwoteksyon ou lè w ap chwazi yon kalite plan asirans sante nan tablo SLCSP. Se paske moun ki gen aksè nan lòt MEC yo pa kalifye pou PTC. Prim SLCSP ki anvigè ou pa mwa se prim SLCSP pa mwa ki aplike pou konte ak fanmi pwoteksyon ou chak mwa.

Men sa ki gen nan kalite MEC yo, men se pa sa sèlman:

- Pwogram gouvènman an finanse tankou Medicaid, pati A oswa C Medicare, TRICARE, avantaj ki anba kontwòl Depatman Afè Veteran (Department of Veterans Affairs), ak Child Health Plus.
- Pwoteksyon asirans pifò patwon yo finanse.

Gen kèk eksepsyon nan règ sa yo pou detèmine si oumenm oswa yon manm fanmi ou kalifye pou MEC. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan Piblikasyon 974 IRS. Eksplikasyon pou Fòm 8962 ak Piblikasyon 974 la dekri tou kimoun ki se manm fanmi pwoteksyon an avèk plis detay.

Anba la a se kèk egzanp fanmi pwoteksyon ak kolòn tablo SLCSP avèk prim SLCSP ki anvigè chak mwa yo chak ta dwe itilize. Si ou pa wè yon egzanp ki annamoni avèk fanmi ou oswa si ou gen kesyon sou ki kolòn pou itilize, kontakte nou pou jwenn èd (nou eksplike sa annapre).

FANMI PWOTEKSYON OU GEN LADAN...	ITILIZE KOLÒN...
OUMENM. Ou se sèl moun ki nan fanmi pwoteksyon ou.	Moun
OUMENM plis MADANM/MARI OU. Oumenm ak madanm/mari ou nan menm fanmi pwoteksyon an.	Koup
OUMENM plis MADANM/MARI OU. Oumenm ak madanm/mari ou antre nan menm plan an menm okenn nan nou pa t gen aksè nan lòt MEC.	Moun
OUMENM plis PATNÈ NAN KAY OU. Oumenm ak patnè nan kay ou antre nan menm plan an menm nou nan fanmi pwoteksyon ki diferan.	Moun
OUMENM plis TIMOUN (YO). Oumenm ak timoun (yo) antre nan menm plan an.	Moun + Timoun (yo)
OUMENM plis yon TIMOUN. Oumenm ak yon timoun antre nan menm plan an menm okenn nan nou pa t gen aksè nan lòt MEC.	Moun
OUMENM, MADANM/MARI ou plis TIMOUN (YO). Oumenm, madanm/mari ou oswa patnè nan kay ou ak timoun (yo) antre nan menm plan an.	Koup + Timoun (yo)
YON TIMOUN Sèlman. Pitit ou poko gen laj 21 ane epi li antre nan plan pa li.	Timoun Sèlman

LI ENPÒTAN POU OU KONNEN

...Kimoun pou kontakte pou jwenn èd.

Si ou gen kesyon konsènan Fòm 1095-A, Pwoteksyon Debaz Minimòm, PTC oswa tablo SLCSP, ale sou sitwèb <http://info.nystateofhealth.ny.gov/taxcredits> oswa rele Liy Èd Community Health Advocates nan nimewo 1-888-614-5400.

Si ou panse nou te fè yon erè sou Fòm 1095-A ou, rele NY State of Health nan nimewo 1-855-766-7860.

Si ou gen kesyon konsènan Fòm 8962 oswa lòt kesyon sou taks, ale sou sitwèb www.irs.gov.